

## Diferans ant trafik ak kontrebann

Definisyon **Trafik Moun** se:

- trafik sèks kote yo itilize fòs, fwod, oswa kraponnay pou fè moun nan patisipe nan sèks komèsyal, oswa kote yo fè timoun ki poko gen 18 an patisipe nan sèks komèsyal; *oswa*
- rekrite, resevwa, mennen, bay, oswa pran yon moun pou travay oswa bay sèvis ak fòs, fwod, oswa kraponnaj pou li travay kòm sèvant, restavèk, esklav oswa travay pou peye yon dèt.

Definisyon **Kontrebann Moun** se lè yo mennen moun Ozetazini yon fason ki pa respekte lwa imigrasyon. Ofans sa a gen ladan mennen ki pa sitwayen Ozetazini ak bay etranje ki deja ilegal Ozetazini transpòtasyon oswa resevwa yo.

De mo sa yo pa vle di menm bagay la

- **Kontrebann** gen pou wè ak transpòtasyon
- **Trafik** gen pou wè ak eksplwatasyon

Si w wè yon aktivite ki sispèk, di sa:

**1-866-DHS-2-ICE** (1-866-347-2423)

[www.dhs.gov/bluecampaign](http://www.dhs.gov/bluecampaign)

## Siy Ki Endike Y Ap Trafike Yon Moun

- Èske viktim nan gen dokiman idantifikasyon ak dokiman vwayaj nan men l; si li pa genyen, nan men kiyès dokiman yo ye?
- Èske yo te antrene moun nan sou sa pou li di lapolis oswa ofisye imigrasyon?
- Èske yo pran lajan viktim nan te travay pou li pou peye yon frè pou kontrebann? (Sèlman peye yon frè pou kontrebann pa konsidere trafik .)
- Èske yo te fòse viktim nan pou fè sèks ak moun?
- Èske viktim nan lib pou ale kote li vle?
- Èske yo te menase y ap fè viktim nan oswa fanmi li mal si viktim nan ta eseye sove?
- Èske yo te menase viktim nan y ap fè depòte li oswa mennen li devan otorite peyi a pou jije li?
- Èske yo te fè viktim nan mal oswa pa bay li manje, dlo, pa kite li dòmi, pa bay li swen medikal, oswa lòt nesesite pou viv?
- Èske viktim nan lib pou kontakte zanmi oswa fanmi li?
- Èske viktim nan se yon jèn ki enplike nan sèks komèsyal?
- Èske yo kite viktim nan frekante lòt moun oswa ale legliz?

Si w wè yon aktivite ki sispèk, di sa: **1-866-DHS-2-ICE** (1-866-347-2423)

[www.dhs.gov/bluecampaign](http://www.dhs.gov/bluecampaign)

BC-IC1-CPF 07/14